

Non _____

Dat _____

DIREKSYON: Li tèks la byen an silans epi reponn chak keksyon ki suiv li.

Ayiti

Sa fè kèk tan nou te pati
Ale byen lwen nan yon lòt peyi
Li pa t fasil pou nou ditou
Nou t ap sonje ou toulèjou
Ayiti se peyi nou
Ayiti se manman nou
Yon jou konsa fò n retounen
Ale travay al mete men
Vennkat desanm pwemyejanvyè
Doulè a pran n fese n atè
Nou tout sonje w tande se vre
Anpil nan nou te nan malè
Ayiti se peyi nou...
Gen bèl bagay bò isit tou
Men lè n sonje ou nou vle fou
Lanmou n pou ou pa gen parèy
Se yon gwo kado se yon mèvèy
Ayiti se peyi nou...

Non _____

Dat _____

Premey Jou

DIREKSYON: Li chak keksyon an silans epitou chwazi youn nan repons anba yo. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.

1. Poukisa otè a ekri pwezi sa a ?

- O A) Pou fè blag
- O B) Pou moute santiman nou
- O C) Pou fè nou dòmi

2. De kilès powèt la ap pale lè li di nou?

- O A) Moun Zetazini
- O B) Moun Ayiti
- O C) Tout Ayisyen tout kote

3. Ki santiman pwezi a ap eseye kominike?

- O A) Lanmou
- O B) Nostalji
- O C) Rayisab

4. Kisa 24 desanm ak premye janvyè reprezante pou tout Ayisyen?

- O A) Fèt kiltirèl/Lendepandans
- O B) Chanjman lane
- O C) Fèt drapo

5. Kisa fraz “*Ayiti se manman non*” vle di nan pwezi a?

- O A) Nou tout sanble
- O B) Nou tout gen menm rasin
- O C) Non tout gen menm fòm tèt

Non _____

Dat _____

Dezyèm Jou

Non Jeneral ak Non Patikilye

1.- Fè de gwoup: kopye non fi ki nan lis la epi kopye non gason ki nan lis la.

*Jilyèn, Lwiz, Emanyèl, Mat, Masèl, Antwàn, Izabèl, ,
Ivòn, Yolèt, Janèt, Bèna, Anri, Anryèt, Polin, Viktwa, Leyon.*

Gwoup 1 _____

Gwoup 2 _____

2.- Bay non fi ki mache avèk non gason sa yo.

Lwi _____ Remon _____ Lisyen _____ Simon _____

3.- Kopye non kote sa yo. Kòmanse chak non ak yon lèt majiskil epi mete yo nan lòd alfabetik.

pòtoprens , okap, okay, senmak, leyogàn, akayè , gonayiv, pòdepè

4.- Kopye non patikilye yo epi klase yo nan kategori.

poul, Woje, chat, chen, Janèt, Okay, boulanje, Ayisyen,

jip, mo, Desalin, machann, Tousen, lajan, lakrè,

Erik non kategori yo epi klase chak mo yo anba:

(1) _____ (2) _____ (3) _____ (4) _____

5.- Kopye non sa yo epi kòmanse chak non patikilye ak yon lèt majiskil.

latibonit, lafimen, zepon, ench, desalin, papiyon, nonm, emili,

Non _____

Dat _____

SINONIM/ Synonym

Leve _____

Rele _____

Pati _____

Granmè _____

Gade _____

Manyen _____

Mo Kontrè/ Antonym

Ekri mo kontrè pou chak mo sa yo:

Kanpe _____

dous _____

Mouye _____

frèt _____

Tris _____

mache _____

Sikre _____

SIJÈ ak VÈB/Subject and Verb

Souliye tout sijè yo ak yon liy epi Ansèkle vèb yo.

1. Mimi konn chase rat ak sourit.
2. Pwofesè a fèmen pòt la.
3. Li bwè anpil lèt.
4. Yo lage chen an.
5. Machann yo vann tout pentad yo.

Non _____

Dat _____

DIREKSYON: Chwazi pwonon pèsònèl pou ranplase mo souliye yo. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.

1. Manno pa pi mal.

- O A) Mwen
- O B) Yo
- O C) Li

2. Lili, Pyè ak mwen menm tap manje griyo.

- O A) Li
- O B) Nou
- O C) Mwen

3. Mago ap pale.

- O A) Li
- O B) Yo
- O C) Mwen

4. Mesye yo ap ranje wout la.

- O A) Yo
- O B) Li
- O C) Mwen

5. Maryèl pa konprann lesan an.

- O A) Mwen
- O B) Li.
- O C) Nou.